Aprantisaj Bonè

Vizit 18 Mwa

HealthySteps®
SWEN PEDYATRI • SIPÒ • GID POU PARAN
Yon pwogram ZERO TO THREE

Langaj

Tibebe w la piti anpil e mond lan enterese li anpil kounye a. Yo ka di kèk mo epi lonje dwèt yo, ki se yon lòt fòm kominikasyon. Ankouraje l aprann langaj lè w repete mo ki koresponn ak objè tibebe a ap lonje dwèt sou li a. Pa egzanp, lè yo lonje dwèt sou yon boul, mande, "Èske w vle *boul* ou a?" Si li lonje dwèt li ankò, di, "Sa a se *boul* ou." Kit yo fè yon son ki sanble ak yon boul kit yo pa fè sa, ou ka ba yo boul la epi di "Men *boul* ou a."

Syans ak Matematik



Anpil timoun piti renmen triye objè yo. Lè wap fè lesiv, mande pitit ou a pou l ede w triye rad yo. Mande yo pou yo chache tout chosèt yo. Yo ta ka menm kapab matche yo. Pandan yap triye, sèvi ak mo kle yo. Di, "Gade, ou jwenn twa chosèt blan" oubyen "Èske w ka jwenn yon lòt chosèt tankou sa a?"

Jesyon Santiman yo

Timoun piti yo kòmanse montre yo konprann santiman ak entansyon lòt moun. Kounye a se moman pafè a pou w kòmanse anseye l senpati. Premye fason pou w anseye l a senpati se montre li. Ou ka remake tou lè pitit ou a ap fè yon jès janti ak yon zanmi oubyen yon bèt. Di, "Ou te tèlman bon ak ti chen an." Lè tibebe a pa janti, anpeche l fè lòt moun mal. Pa gen okenn nesesite pou mande eskiz nan laj sa a. Gras a bon egzanp ou, yo pral aprann mande "eskiz" sensèman lè yo vin pi gran.

Bon liv pou w li lè yo nan laj sa a:

- *Jamberry* Bruce Degen ekri
- *Brown Bear, Brown Bear, What Do You See?* Bill Martin Jr. ekri
- *Mama, Do You Love Me?* Barbara M. Joosse ekri
- *Head, Shoulders, Knees and Toes* Annie Kubler ekri

Copyright © 2019 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE. HS_9-EL_HAT_18 Months

Rezoud Pwoblèm

Bay pitit ou a yon veso plastik ak yon kouvèti ki fasil pou retire. Mete atik enteresan (ak an sekirite) andedan li. Bay pitit ou a veso a epi dekri sa kap pase a. Di: "Gade, lè w souke l, li fè yon bri. Èske ou ka ouvri li?" Rete toupre pandan pitit ou a ap eseye ouvri veso a. Obsève avèk pasyans epi si timoun piti a remèt ou veso a, montre l ki jan pou l louvri l, remete kouvèti a epi ba l yon lòt chans. Kalite jwèt sa a devlope pèseverans ak kapasite pitit ou a pou l konsantre l sou yon travay jiskaske li fini l.

Kapasite Fizik

Pitit ou a ka vrèman renmen fè bagay yo poukont li kounye a. An reyalite, yo ka menm ensiste sou pwen sa a. Bay tèt ou plis tan pou pwomnad epi kite yo rete nan machin nan ak chèz machin. Lè sa a, kite yo eseye peze bouk chèz machin nan. Lè sa rive, di, "Ou fè li" Aktivite chak jou sa yo devlope ti piti ak gwo misk timoun nan. (Ak konfyans yo nan tèt yo.)

Atizay ak Mizik

Sa a se laj pafè a pou prezante yo chante, *The Hokey Pokey* oubyen lòt chante kap jwe ak bouje dwèt. Chante epi jwe ak yo. Si ou pa konnen melodi a oubyen pawòl la, gade videyo chante pou timoun piti. Chèche chante tankou, *Itsy-Bitsy Spider*, *Open Shut Them*, ak *Five Little Monkeys.*

Copyright © 2019 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE. HS_9-EL_HAT_18 Months